



Pou Piblikasyon Imedya: 28/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON 12 NOUVO LISANS ALKÒL BA NAN VIL NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS

45 lisans alkòl biznis yo te sispann pandan ijans sante piblik la

Gwoup travay milti-ajans lan te reyalize 644 verifikasyon konfòmite lendi swa, te obsève 26 vyolasyon anplis

Gwoup travay milti-ajans lan te obsève 132 vyolasyon pandan wikenn lan nan Vil New York ak nan Long Island, total akizasyon ki gen rapò ak pandemi an se 503 kounye a

Ou kapab jwenn lis aktyalize ba ak restoran ki ap fè fas ak akizasyon oswa sispansyon somè lisans alkòl SLA a [ISIT LA](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 12 ba nan Vil New York apre yo te dekouvri vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki gen rapò ak pandemi an. Nan wikenn lan, gwoup travay milti-ajans eta a, ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a te dirije, te mennen plis pase 1,300 verifikasyon konfòmite, anrejistre vyolasyon nan 132 etablisman. 644 verifikasyon konfòmite anplis te fèt lendi swa, kote envestigatè yo obsève 26 vyolasyon nan Vil New York. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Nouyòkè yo te travay di pou plati koub la, men ba ak restoran yo ki inyore direktiv sante piblik la derespekte sakrifis yo ki te sove lavi pandan sa pèmèt nou sipòte re-ouvèti ekonomi nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Gouvènman lokal yo dwe fè aplike lalwa men gwoup travay la te entansifye efò li yo epi avèk sispansyon anplis sa yo, n ap voye yon mesaj klè ke Eta a pa pral ezite pran mezi kont biznis yo ki mete sante ak sekirite Nouyòkè yo a risk."

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare, "SLA pral kontinye sispann touswit lisans ki mete lavi an danje nan fè vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Kominote nou yo, ansanm ak majorite mèt ak pèsonèl restoran ak ba yo,

te sibi gwo sakrifis pou pliye koub la, epi SLA p ap ezite pran mezi imedya kont sila yo ki menase pwogrè eta nou an te fè".

12 etablisman ki te emèt òdonans dijans sou sispansyon somè nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a pandan reyinyon yo nan dat 25, 26 ak 27 jiyè se:

"Lima" nan 85-07 Northern Boulevard nan Jackson Heights, nan dat 25 jiyè 2020

Aprè anpil plent ak akizasyon anvan, SLA te reyalize yon verifikasyon konfòmite "Lima" nan dat 24 jiyè. Envestigatè yo te obsève plis pase ven kliyan andeyò etablisman yo ki kanpe ak ap bwè nan pati sou lari klèb de nwi, ki inyore direktiv sou distans sosyal yo epi bloke twotwa a. Anvan sa, nan dat 18 jiyè, investigatè SLA yo te anrejistre etablisman k ap fonksyone apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York la pou sèvis pa deyò, avèk yon gwo gwoup kliyan similè ki kanpe epi rasanble nan yon atmosfè bwat de nwi, san pwoteksyon figi oswa respè pou direktiv sou distans sosyal yo. Lokal sa te obsève tou epi akize pou vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan mwa jen.

"CJ's Bar and Lounge" nan 139-09 Crossbay Boulevard nan Ozone Park, nan dat 25 jiyè 2020

Non konfòmite moun ki gen lisans lan te kòmanse nan dat 27 jen lè investigatè SLA yo te anrejistre senk kliyan anndan etablisman ansanm ak tab pa deyò ki pa te gen bon espas epi se te yon atmosfè tankou fèt ki te pran tout devan yon bilding vwazen. Nan dat 18 jiyè, pandan yon vizit divilge, investigatè yo te anrejistre anplwaye yo ki san pwoteksyon figi ki t ap sèvi kliyan yo epi te bay moun ki gen lisans lan yon rezime direktiv SLA yo. Lannuit annapre a, investigatè SLA yo te fè yon vizit enfiltrasyon nan etablisman an, obsève trant kliyan k ap fete ak rasanble dirèkteman devan etablisman an, san pwoteksyon figi oswa distans sosyal.

"RubiRosa" nan 8407 Northern Boulevard nan Jackson Heights, nan dat 26 jiyè 2020

Nan dat 24 jiyè, investigatè yo te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "Rubi Rosa", obsève anviwon vennsenk moun ki kanpe devan lokal la k ap bwè, inyore pwotokòl distans sosyal epi pa mete pwoteksyon figi. Yo te obsève yon anplwaye anndan san yon pwoteksyon figi ki t ap pale ak kliyan yo ki pa te gen pwoteksyon figi non plis. Yo te jwenn lokal sa a tou an vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan dat 18 jiyè avèk kliyan similè ki rasanble deyò a.

"Mr Pancho's Café" nan 86-09 Roosevelt Avenue nan Jackson Heights, nan dat 26 jiyè 2020

Nan dat 25 jiyè, investigatè SLA yo te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "Mr Pancho's Café" epi te twouve ke restoran an ap fonksyone apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York pou sèvis pa deyò yo, avèk plis pase trant moun ki kanpe devan etablisman an k ap bwè, pa te gen manje, san pwoteksyon figi apwopriye epi san distans sosyal. Anplis de sa, omwen yo te obsève twa anplwaye san pwoteksyon figi.

"Blue Angel Lounge" nan 112-51 Roosevelt Avenue nan Corona, nan dat 26 jiyè 2020

Nan dat 25 jiyè, envestigatè yo te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "Blue Angel Lounge", ki obsève kliyan yo k ap konsome alkòl men pa te gen manje. Yon enspeksyon kwizin sijere restoran an te vyole egzijans alimantè pandan kèk tan, te gen yon griy wouye, fritez san lwil, yon frijidè vid, yon estasyon sèvis manje vid, gaz aparèy yo te etenn epi pa te gen pèsònèl kwizin ki te sou plas. Yo te jwenn lokal sa a te nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a nan dat 18 jiyè kote te gen vennsenk moun k ap bwè anndan.

"De La Mora Restaurant" nan 84-19 Northern Boulevard nan Jackson Heights, nan dat 26 jiyè 2020

Nan sware 18 jiyè, yon envestigatè SLA te obsève kliyan yo ki kanpe, k ap bwè epi rasanble dirèkteman devan etablisman an, san pwoteksyon figi oswa obsève distans sosyal. Envestigatè a te retounen nan yon ti tan apre minwi -- byen apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York pou sèvis pa deyò -- pou jwenn trant kliyan k ap bwè ak fè fèt ki nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a. SLA te chaje lokal sa a anvan sa poutèt vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè nan dat 13 ak 14 jiyè.

"El Patio Bar" nan 218-21 Jamaica Boulevard nan Jackson Heights, nan dat 26 jiyè 2020

Nan dat 25 jiyè, envestigatè SLA yo te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "El Patio Bar", obsève kliyan yo andann ba a k ap bwè, anplis de sèvis yo ak anplwaye nan kwizin lan ki san pwoteksyon figi. Anvan sa, nan dat 18 jiyè, envestigatè SLA yo te anrejistre etablisman yo k ap fonksyone apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York la pou sèvis pa deyò, avèk yon gwo gwoup kliyan ki kanpe epi rasanble nan yon atmosfè bwat de nwi, san pwoteksyon figi oswa distans sosyal.

"The Grand" nan 37-01 30th Avenue nan Astoria, nan dat 27 jiyè 2020

Nan dat 23 jiyè, yon enspeksyon konjwent avèk envestigatè SLA yo epi Biwo Cherif Vil New York la te jwenn etablisman an ap fonksyone byen apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York, avèk omwen yon douzèn kliyan dirèkteman devan etablisman an epi san pwoteksyon figi oswa distans sosyal. Anndan, detay enspeksyon an te obsève yon kliyan k ap bwè alkòl ak yon anplwaye san pwoteksyon figi. Lè yon detay enspeksyon an te rive, te obsève yon vidè ki te ankouraje kliyan yo kite etablisman an avèk boutèy ouvri.

"El Paisa Café" nan 87-05 Northern Boulevard nan Jackson Heights, nan dat 27 jiyè 2020

Nan sware 18 jiyè, yon envestigatè SLA te obsève onz kliyan ki kanpe, k ap bwè epi rasanble dirèkteman devan etablisman an, san pwoteksyon figi oswa distans sosyal. Envestigatè a te retounen nan 11:30 p.m., byen apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York pou sèvis pa deyò, pou jwenn vennsenk kliyan -- okenn pa te mete pwoteksyon figi -- ap bwè ak rasanble devan biznis la nan vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

"Romanticos" nan 76-07 Roosevelt Avenue nan Jackson Heights, nan dat 27 jiyè 2020

Nan dat 23 jiyè, yon investigatè SLA te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "Romanticos", jwenn trèz kliyan k ap bwè alkòl anndan ba a ak yon manadjè ak vidè san pwoteksyon figi. Yo te jwenn biznis la, yon residivis, t ap vyole Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki egzije pou ba ak restoran yo respekte direktiv sou distans sosyal yo pou konbat pwopagasyon kowonaviris nan de okazyon anvan.

"Delicia's Mexicanas" nan 102-14 Roosevelt Avenue nan Corona, nan dat 27 jiyè 2020

Nan dat 25 jiyè, yon investigatè SLA te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "Delicia's Mexicanas", jwenn kliyan yo chita anndan etablisman an, avèk manadjè a ki bloke wout investigatè a pandan yon sèvez te avize kliyan yo pou kite nan pòt pa dèyè a. Moun ki gen lisans lan se yon residivis, avèk vyolasyon Dekrè Egzekitif Gouvènè a epi ap sèvi apre kouvrefe 11 p.m. Vil New York pou sèvis pa deyò nan dat 24 jiyè ak 4 jiyè.

"The Pomeroy" nan 36-12 Ditmars Boulevard nan Astoria, nan dat 27 jiyè 2020

Nan dat 23 jiyè, yon investigatè SLA te reyalize yon verifikasyon konfòmite nan "The Pomeroy", obsève yon gwoup plis pase kenz kliyan ki kanpe ak rasanble devan restoran ak elaji devan yon biznis vwazen. Verifikasyon sa a se te yon swivi depi 19 jiyè, lè investigatè SLA yo te obsève anplwaye yo pa mete pwoteksyon figi, tab yo pa te gen bon espas epi restoran an sèvi bwason san manje.

Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greeley Ford te òdone sispansyon dijans nan reyinyon espesyal yo nan Full Board, ki te fèt apati yon videyo anrejistre dijitalman anba direktiv sou distans sosyal yo, nan dat 25 jiyè 2020, 26 jiyè ak 27 jiyè. Sispansyon Somè Dijans yo enpoze lè SLA jwenn operasyon kontinyèl yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo bay touswit ak rete anvigè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans la ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè ak yon sispansyon dijans gen dwa pou gen yon odyans akselere devan yon Jij Lwa Administratif SLA.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)